barjay, tek bir kemisi-jalǵız talant”! Bunnan artıq yumor bolar ma?! degen edi.

T.Jumamuratov haqqında Ukrayına Jazıwshılar Awqamınıń prezidiyumı bılayınsha táriyipler keltiredi:

“Siz ózińizdiń shıǵarmalarıńızda tuwǵan xalqıńızdıń qaharmanlıq islerin sheber jirlaysız, satiranıń otı menen talay-talay unamsız qaharmanlardı órteysiz. Ómirińiz uzaq bolǵay” .

Bul táriyipler oǵan ádil baha boldı.

Haqıyqatında da, shayırdıń qaraqalpaq ádebiyatın rawajlandırıwǵa qosqan úlesi girewli.

Juwmaqlap aytqanda, T.Jumamuratov qaraqalpaq poeziyasında watan, tuwılǵan jer temasın tereń mazmun menen jirlaǵan. Shayır kópshilik qosıqlarında bir ǵana watan, tuwılǵan jer, doslıqtı qoymastan, mıymandos, tatıwlıqtı súyiwshi xalıq ekenligin sheberlik penen táriyiplegen.

Qaraqalpaq ádebiyati poeziyasında salmaqlı hám áhmiyetli orınǵa iye shayır xalqımızdıń yadında mángi saqlanadı. Ólmes mıyrasları bolǵan shayırdıń shıǵarmaları ele ásirlerden ásirlerge ótip jasaydı.

**Ádebiyatlar**


1. Jumamuratov T. Ómirimniń ózi filosofiya. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2005.
2. Jumamuratov T. Aralǵa keldim oralıp. Baspaǵa tayarlaǵan: M.Jumamuratova. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2016.
3. Jumamuratov T. Túrli ótkeller. -Nókis: «Qaraqalpaqstan»,1983.
4. Jumamuratov T. Tolqında. -Nókis: «Qaraqalpaqstan»,1970.



**REZYUME**

Ushbu maqolada qoraqalpoq poeziyasida katta o’rin tutgan T.Jumamuratovning ijodi va undagi tuǵilgan yer, vatan tuproǵiga bólgan hurmat izzatning tasvirlanishi haqida aytilgan. Bu maqola orqali uning vatanga bo’lgan sadoqatini kórishimiz mumkin.

**РЕЗЮМЕ**

В этой статье говорится о том, что в произведениях известного каракалпакского поэта Т.Жумамуратова ярко показано любовь к родине, родной земле и своему народу. В мире каракалпакской поэзии он творчество поэта занимает видное место. В строках стихов поэта мы можем увидеть чувства поэта преданность и любовь к своей родине.

**SUMMARY**

In the article the author tries to show how famous Karakalpak poet T.Jumamuratov expresses his feelings – love for Motherland, his country and people in his works. The creative work of the poet takes an hanorary place in Karakalpak poetry. In the lines of his poems we can see the poet’s devotion and love for his Motherland.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТАНЫ «ҚОБЛАН»: ЖЫЙНАЛЫЎ, БАСЫП ШЫҒАРЫЛЫЎ ҲӘМ ИЗЕРТЛЕНИЎ ТАРИЙХЫНАН


**К.С.Палымбетов** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы НМПИ жанындағы ХБХҚТҚА аймақлық орайы*



**Таянч сўзлар:** достон, жиров, вариант, версия, монография, мақола.
**Ключевые слова:** эпос, сказитель, вариант, версия, монография, статья.
**Key words:** epos, jirau (a teller of a folklore), variant, version, monograph, article.


Қарақалпақ халқының тарийхы, мәденияты, турмысы ҳәм этнографиясы менен бирге жасап, раўажланып киятырған фольклор материалларын, соның ишинде дәстанларды жыраў-бақсылардан жазып алыў иси XX әсирдиң басларында рус илимпазлары тәрепинен басланды. Бунда дәслепкилерден болып, Петербург университетиниң шығыс факультети студенти, профессор Мелиоранскийдиң шәкирти И.А.Беляев 1903-жылы еки ай даўамында қарақалпақлар арасында болып материаллар жыйнайды. Ол жыйнаған матераиаллардың ишинде сол ўақытта Қыпшақта (ҳәзирги Әмиўдәрья районы) жасайтуғын қарақалпақтың Кенегес урыўынан Имамқулы деген жыраўдан «Ер Қобланның қыссасы, қарақалпақтың жыры» деген ат пенен «Қоблан» дәстанын жазып алады. Дәстан Қобланның Көбиклиге атланыўынан басланып, Алшағырды жоқ етип, мурады-мақсетине жетиўи менен тамамланады. Усыннан баспада жәрияланған жери Қобланның жигитлери менен Көбиклиге қарап, Аштарханға барғанға шекемги ўақыясы [2:58-59], «Қоблан» дәстанының бул варианты дәстанның басқа вариантлары менен салыстырғанда көп ўақыяларды өз ишине толық қамтый алмаған. Соған қарамастан бул вариант биринши рет жазып алыныўы, биринши рет баспада көриниўи жағынан үлкен әҳмийетке ийе [9:242]. Буннан соң XX әсирдиң 30-жылларынан баслап жергиликли халық арасынан аўызеки әдебиятқа қызығыўшы адамлар, илимпазлар, шайыр, жазыўшылар тәрепинен миллий мийрасларды жыйнаў, жазып алыў жумыслары қызғын қолға алынды. Нәтийжеде, басқа дәстанлар менен қатар, «Қоблан» дәстаны 1939-жылы жазыўшы, илимпаз Н.Жапақов ҳәм халық мийрасларын жыйнаўшы С.Мәўленов тәрепинен Қоңырат районында жасаўшы белгили қарақалпақ жыраўы Есемурат Нурабуллаевтан жазып алынады. Усы вариант Төрткүлде 1941-жылы, Нөкисте 1959-жылы «Қарақалпақ мәмлекет баспалары»нда, соңынан 1981-жылы Нөкисте «Қарақалпақстан» баспасында «Қарақалпақ фольклоры» көп томлығының (20 томлық) VIII томында, 1995-жылы V томлықтың биринши томында басылып шықты. Буннан тысқары «Қоблан» дәстанының усы варианты 1987-жылы «Қарақалпақстан» баспасында А.Наумов, Д.Айтмуратовлардың аўдармасы менен рус тилинде басылады.

Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен соң миллий дәстанларымызды толық түринде қайта басып шығарыў ислери алып барылып, Карам жыраў варианты 2009-жылы «Қарақалпақ фольклоры» 100 томлығының XIII томында Ташкентте «Маънавият» баспасынан басылып шықты.

Илимпаз Н.Дәўқараев 1936-жыллардан баслап қарақалпақ фольклоры ҳәм әдебияты жөнинде илимий изертлеў басланды [5:34-35], - деп жазады. Усы жыллардан баслап улыўма қарақалпақ фольклоры үлгилери менен қатар «Алпамыс», «Қырқ қыз», «Едиге» дәстанлары ҳәм «Қоблан» дәстаны бойынша да баҳалы илимий пикирлер айтыла баслайды. Мысалы, 1945-жылы Нөкис қаласында өткерилген Өзбекстан Илимлер Академиясының көшпели сессиясында О.Кожуров «Қарақалпақ фольклоры ҳәм оның изертлениўи» деген темада баянат жасайды, ол «Қоблан» дәстанындағы Қоблан өз атланысларында барлық жерде қалмақлар менен саўаш жүргизеди, бул қыпшақларға белгили барлық еллерди қалмақлар жайлаған, деген сөз деп жазады. Және де қысқаша болса да «Қоблан» дәстанын қазақлардың «Қобланды» дәстаны менен салыстырады. Ол қазақ дәстаны «Қобланды» сулыў ҳәм образлы. Бирақ, қарақалпақ дәстаны «Қоблан»дағы ерлик, батырлық ислер оғада қызықлы. Қарақалпақ дәстаны қазақ вариантынан кейинирек пайда болған [7:43], - деген пикирлерин айтады. Бул пикирлер еле де анықлықты, изертлеўди талап етсе де, «Қоблан» дәстаны бойынша дәслепки илимий пикирлер еди. «Қоблан» дәстаны 1941-жылы басылып шыққаннан соң республикамыздағы оқыў орынларының оқыў бағдарламаларына ҳәм сабақлықларға киргизилип, оқыўшыларға үйретиле балады [15].

«Қоблан» дәстанының қалған вариантлары арадан 20 жыл өткеннен соң жыраўлардан жазып алынды. Буған себеп, екинши жәҳан урысының басланыўы, урыстан соңғы халық хожалығын қайта тиклеў жумыслары, оның үстине, 1950-жылларда миллий мийрасларға басланған идеологиялық сиясий топылыстың жүргизилиўи, ағный XIX әсирде жасаған Бердақ шайырды реакцион шайыр деп қаралаўлар, «Алпамыс», «Қоблан», «Едиге» сыяқлы т.б. миллий мийрасларымызды буржуазиялық-феодаллық дәўирди сөз ететуғын, халыққа жат идеядағы дәстанлар деген айыплаўлардың тағылыўы себеп болған еди. Усындай надурыс критиканың себебинен 1952-1954-жыллары «Қоблан» дәстанын мектеплерде оқытыў ҳәм изертлеў жумыслары бираз иркинишке ушырайды[16.93]. Мысалы, 1952-жылы Қ.Муратов «Қоблан» дәстаны феодаллық-буржуазиялық әдебияттың бир түри» дегенге усаған айыплаўды тағады ҳәм дәстанның идеясы бойынша бир қанша тийкарсыз критикалық көзқарасларын билдирген[13]. Дәстанды усындай орынсыз айыплаўлардан қорғаў бойынша рус илимпазы А.К.Боровков, жергиликли илимпазлар Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Б.Исмайлов, И.Сағитов, Қ.Мақсетовлар бир қанша жумыслар исследи. Әсиресе, Н.Дәўқараевтың 1951-жылы Москвада Шығысты изертлеў

институтының илимий Кеңесинде «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» атлы докторлық диссертациясын қорғаўы ҳәм оның биринши бөлими, «Қарақалпақ аўызеки халық творчествосы» деп аталыўы болды. Н.Дәўқараевтың бул изертлеўи 1977-жылы «Қарақалпақстан» баспасында «Шығармалары жыйнағы»ның 2-томында басылады. Илимпаз бул изертлеўинде фольклордың барлық жанрлары менен бирге, «Алпамыс», «Қоблан», «Қырқ қыз» дәстанларына биринши рет илимий-изертлеў жумысын алып барады[5] ҳәм тийкарлы илимий жуўмақларын билдиреди. Н.Дәўқараевтың изертлеўлериндеги «Қоблан» дәстаны бойынша илимий анализлери қысқа, шолыў түринде болса да үлкен әхмийетке ийе. 1954-жылы июньде А.М.Горький атындағы дүнья жәҳлик әдебият институты бурынғы аўқам Илимлер Академиясының Шығысты изертлеў институты менен бирликте аўқам халықларының эпосларын изертлеў мәселелери бойынша пүткил аўқамлық жыйналыс өткереди. Жыйналыс қарары аўқам халықларының эпосларын жыйнаў ҳәм изертлеў мәселесин қояды ҳәм изертлениўи тийис эпослық шығармалардың дизимин келтиреди. Ал, 1954-жылдың сентябринде болса, Нөкисте қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бойынша илимий конференция өткерилип, онда илимпаз Б.Исмайлов баянат жасап эпосларға билдирилип атырған еки түрли бағыттағы көзқарасларды критикалайды. «Алпамыс», «Мәспатша» дәстанлары менен бирликте «Қоблан» дәстанына анализ ислейди [10:113]. Усы жыллары эпосларды изертлеў бойынша рус илимпазлары В.М.Жирмунский, А.К.Боровков, Л.И.Климович, өзбек илимпазы Х.Т.Зарифовлар қунлы илимий-изерлеўлерин жазды. Әсиресе, 1950-жыллары профессор А.К.Боровковтың «Вопросы изучения тюркоязычного эпоса народов Средней Азии и Казахстана» деген мақаласы жазылады. Қарақалпақ халқының «Мәспатша», «Қоблан» дәстанларына анализ ислейди [4:96-98]. Дүньяға белгили эпостаныўшы илимпазлар тәрепинен баҳалы илимий мийнетлердиң жазылыўы, эпослардың миллий версияларының әхмийети, оларды жыйнаў, бастырып шығарыў ҳәм изертлеўдиң зәрүрлигин белгилеп берди. Нәтийжеде 50-жыллардың ақырында Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими тәрепинен шөлкемлестирилген фольклорлық экспедиция дәўиринде илимий хызметкерлер тәрепинен дәстанларды жазып алыў иси системалы әмелге асырылады. 1959-жылы Кегейли районының Халқабад қаласында жасаўшы Карам жыраў Нағымов өзи жырлап жүрген «Қоблан» дәстанын қағазға түсирип ӨзРИАҚ бөлими китапханасының қол жазбалар фондына тапсырған. Усы жылы профессор Қ.Мақсетов Қоңырат районының Свердлов (ҳәзирги Наўрыз АПЖ) совхозында жасаўшы Арзымбет жыраўдан, 1960-жылы профессор Қ.Мақсетов ҳәм фольклорист Қ.Мамбетназаровлар Шымбай районының Кеңес совхозында жасаўшы Дәўлетмурат жыраў Сейтмурат улынан, және усы илимпазлар сол жылы Тахтакөпир районында жасаўшы Жәнибек жыраў Асқаровтан, 1960-жылы илимий хызметкер Ә.Жамалов Асқар жыраў Бекеевтан, 1960-жылы профессор Қ.Мақсетов Қоңырат районында жасаўшы Ережеп жыраў Аманжоловтан жазып алған.

Улыўма ҳәзирги ўақытта ӨзРИАҚ бөлими китапханасының қол жазбалар фондында қарақалпақша «Қоблан» дәстанының И.А.Беляев жазып алған Имамқулы жыраў вариантының ксерокопиясын қосып есаплағанда 8 вариантына ийемиз. Солай етип, еки жылдың ишинде бир ғана «Қоблан» дәстанының 7 варианты жыраўлардан жазып алынады. Сол ўақытлары дәстанды билетуғын жыраўлардан басқа вариантларының да жазып алынбаўы өкинишли.

«Қоблан» дәстанының жыйналған вариантлары бойынша изертлеў жумыслары да 1950-жыллардың ақыры 1960-жыллардың басынан қолға алынды. Усы жыллары И.Сағитов «Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы» темасында докторлық диссертациясын жақлайды. Алымның бул мийнети 1962-жылы рус тилинде, 1963, 1986-жыллары қарақалпақ тилинде басылып шығады. Илимпаз изертлеўинде «Қоблан», «Алпамыс», «Қырқ қыз» эпосларына арнаўлы түрде тоқтайды. Китаптың екинши бабында «Қоблан» дәстаны бойынша изертлеўи берилген. Бул И.Сағитовтың өзине шекемги «Қоблан»ды изертлеўши илимпазлардың мийнетлерин толықтырған кең көлемли изертлеў болды [5:92-178]. Бирақ И.Сағитов «Қоблан» дәстанының жыраўлардан жазып алынған толық емес вариантларына жетерли итибар қаратпағанлығы байқалады. Бул кемшиликти профессор Қ.Мақсетов та өз изертлеўинде ескертип өтеди [12:144]. Себеби, жыраў қысқа вариантты берген болса да, ўақыя, детал, мотивлеринде өзине тән өзгешелиги болады.

1965-жылы әдебиятшы-илимпаз Қ.Айымбетов «Қарақалпақ жыршылары» деген темада докторлық диссертациясын жақлайды. Илимпаздың изертлеў жумысларының жуўмағы 1968,1988-жыллары китап болып басылып шығады. Китаптың «Дәстанлар» деп аталған VIII-бөлиминде Есемурат жыраў жырлаған «Қоблан» дәстаны ҳаққында илимий пикирлери билдирилген. Бунда илимпаз тийкарынан «Қоблан» дәстаның генезисине, пайда болыў төркинлерине дыққат аўдарады, ол «Қоблан» дәстанының пайда болыў төркинлери, оның дереклери ҳаққында тарийхый мағлыўматларға тийкарланып, сондай-ақ, илимпазлар В.Д.Греков, А.Югов, Б.Аманшин, Қ.Мақсетовлардың илимий мийнелерине сүйенип, өзиниң тийкарлы пикирлерин билдириўге ҳәрекет еткен. Тарийхый мағлыўматларда қарақалпақ-рус қатнасықларының тийкары Киев Русы дәўиринен VIII-XII әсир ҳәм печенег қәўими дәўиринен IX-XI әсирлерден басланатуғынлығы айтылады. Сонлықтан да, алымның «Дәстанлар қанша өзгериске ушыраған менен оның дәслепки пайда болған дәўириндеги негизи көринип отырады» [1:98], - деген пикирине қосылыўға болады. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының ерте дәўирлик пайда болыў дереклери бойынша изертлеў жумысларын алып барған илимпаз Ж.Хошниязов «Қоблан» дәстанының дәреклери де ерте дәўирлердеги мифологиялық түсиниклер менен басланады. Батырдың үйлениў мотиви экзогамиялық неке тийкарында ески дәстан дөретиўшилик усылларының белгилеринен дәрек береди. Ал, оның атланыслары, жанында әскерлериниң болыўы қыпшақ қәўимлериниң жаўынгерлик турмысын сәўлелендиреди. Онда тахтқа таласыў идеялары басым орын ийелейди. Сонлықтан дәстанның тийкарғы сюжетлери халықтың санасында қәлиплескен ески түсиниклердиң жанланыўы менен қыпшақлар дәўиринде (XI-XII әсирлер) пайда болған деп болжаўға имканиятлар бар [8:97], - деп жазады. К.Палымбетов та «Қоблан» дәстанының сюжетлериниң қәлиплесиўи ҳәм пайда болыўында ерте орта әсирлердиң жазба естелиги болған «Қорқыт ата китабы» жазба естелигиниң тәсири болған [14], - деп жазады Деген менен, «Қоблан» дәстанының пайда болған дәўирин анықлаўда илимде анық, дәл таўып айтылған пикирлер жоқ, бул мәселе елеге шекем тартыслы болып қалмақта.

1965-жылы Ташкентте «ФАН» баспасында профессор Қ.Мақсетовтың докторлық диссертациясының жуўмағы «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы» деген ат пенен басылып шығады. Монографияда «Алпамыс», «Қырқ қыз», «Қурбанбек», «Ерзийўар», «Гөруғлы» т.б. дәстанлар менен қатар, «Қоблан» дәстанының да жанрлық ҳәм композициялық өзгешеликлери, поэтикасы, лексикалық байлығы, образлардың жасалыўы, сүўретлеў қураллары, ўақыялар арасында поэзия менен прозаның қолланылыўы, қосық қурылысы кең жобада изертленеди. К.Мақсетов 1983-жылы «Қарақалпақстан» баспасында басылған «Қарақалпақ жыраў-бақсылары китабында» «Қоблан» дәстанының Есемурат жыраў вариантының өзине тән өзгешеликлери ҳаққында жазады [11:88] ҳәм дурыс баҳасын береди. Ал, илимпаз Н.Жапақов «Қоблан» дәстанының Жәнибек, Карам, Арзымбет, Асқар, Дәўлетмурат жыраўлардың баспада жәрияланбаған қолжазба вариантларының мазмунын келтирип, шолыў характеринде пикирлерин билдиреди [6:431-461]. Усындай бағдарда ӨзРИАҚб «Хабаршысы» журналының 2000-жыл 3-санында фольклорист Қ.Мамбетназаров «Дәўлетмурат жыраў ҳәм ол атқарған «Қоблан» дәстаны», усы журналдың 2017-жыл 1-санында жас изертлеўши А.Бекбергенованың «Қоблан» дәстанының Ережеп жыраў варинагы ҳаққында», - деген мақаласы жәрияланады. Бул арқалы илимпазлар дәстанның жәрияланбаған вариантларын халыққа таныстырыўды нәзерде тутқан болыўы керек.

«Қоблан» дәстаны жоқары оқыў орынларының бағдарламасынан да орын алып, дәстанның халықлығы, идеясы, сюжети ҳәм образлары т.б. мәселелер Қ.Мақсетов пенен Ә.Тәжимуратовтың 1979-жылы «Қарақалпақстан» баспасында басылған «Қарақалпақ фольклоры», Қ.Мақсетовтың 1996-жылы «Билим» баспасында басылған «Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери» сабақлықларында жазылды.

Қарақалпақ халқының «Қоблан» дәстанын қазақлардың «Қобланды батыр» дәстаны менен салыстырып, пикирлерин билдирген О.Кожуров, Н.Дәўқараев, И.Сағитов, Қ.Мақсетовлардан кейин бир қанша кең ҳәм итибарлы пикирлер айтқан профессор С.Бахадырова болды. Ол дәстанның Есемурат жыраў варианты менен Марабай Мергенбай версиясын салыстырып образлар дөретиўдеги мотивлердиң байла-

нысын, бунда атлар образына, батырлардың қурал-жарақларына, сыйынатуғын пирлерине, географиялық ҳәм топонимикалық жер атамаларына, санлардың қолланылыўөзгешелигине, дөретилген дәўирине жеке илимий көзқарасларын береди [3:37]. Соңғы ўақытлары қарақалпақ халық дәстаны «Қоблан»ды изертлеў бағдарында баспа сөз бетлеринде Б.Қәлимбетовтың, Т.Қанаатовтың, Г.Пирназарованың, А.Пирниязовтың т.б. мақалалары жәрияланды. Оларда дәстан бойынша бир қанша илимий пикирлер, болжаўлар, салыстырыўлар, жуўмақлар ортаға тасланады. Бирақ, «Қоблан» дәстаны жәҳән фольклористикасы контексти көзқарасынан тутас, толық ҳалында еле кең изертлениўин тапқан емес. Дәстандағы ертеклик сүўретлеўлерди, мифлик қатламларды, мотивлер менен детальларды, образлар дүньясын, ерте дәўирлерге тән түсиниклер менен инанымлардың сәўлелениўин, көркем сүўретлеў қуралларын, музыкалылығын, жыраўлардың атқарыўшылық өзгешелигин, миллий вариантларды қазақ, башқурт, қырым версиялары менен салыстырып изертлеў жумыслары изертлениўин күтип турған мәселелер есапланады.

**Әдебиятлар**


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968.
2. Беляев И.А. Протоколы заседаний и сообщений членов Закаспийского кружка любителей археологии и истории Востока. -Ашхабад, вып. 3, 1915, вып. 4, 1917.
3. Баҳадырова С. «Китаби дедем Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
4. Вопросы изучения эпоса народов СССР. Изд. АНСССР. –Москва: 1958.
5. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
6. Жапақов Н. Еске түсиириўлер, илимий мийнетлер. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
7. Кожуров О. Шығармалары (Мақалалар ҳәм аўдармалар). –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
8. Хошниязов Ж. Миллий руўхый дүньямыздың сағалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007.
9. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. –Нөкис: «Билим», 1996.
10. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.
11. Мақсетов Қ. Қарақалпақ жыраў бақсылары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1983.
12. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
13. Муратов Қ. Балаларды надурыс тәрбиялайтуғын идеясыз китап. /«Қызыл Қарақалпақстан» 1952, № 101.
14. Палымбетов К. «Қорқыт ата китабы» ҳәм қарақалпақ дәстанлары. –Нөкис: «Билим», 2010.
15. Сағитов И. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
16. Убайдуллаев К., Исмайлов Б., Ахметов С. Қарақалпақ әдебияты. Орта мектеплердиң 8-клас ушын сабақлық. Қарақалпақ мәмлекет баспасы. 1950.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада қорақалпоқ халқ достони «Қоблан»нинг жировлар томондан ёзиб олиниши, нашр қилиниши ва тадқиқи ҳақида сўз юритилган. Достоннинг тадқиқ қилиниш тарихи ҳақида маълумотлар келтирилган. Илмий тадқиқотлардаги фикр ва хулосалар таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится об исследовании, собирании и печатании песен в дастане «Коблан». В статье автор даёт информацию об истории исследования данного вопроса и анализирует выводы и мнения учёных научных трудах по истории вопроса.

**SUMMARY**

The article deals with the research, gathering and printing of the songs in the epos “Koblan”. The author gives information about the history of investigation of this issue, and analyses the conclusions and opinions of scholars in their scientific works on the history of the issue.


## M.NÍZANOV SHÍǴARMALARÍNDA FRAZEOLOGIZMLERDIŃ MORFOLOGIYALÍQ BILDIRLIWI


**Q.Sársenbaev** – *talaba*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq unstitutı*



**Tayanch sózlar:** frazeologiya, ot, sifat, fe`l.

**Ключевые слова:** фразеология, существительное, прилагательное, глагол.

**Key words:** phraseology, noun, adjective, verb.


Qaraqalpaq tili qaraqalpaq xalqınıń biybaha baylıǵı bolıp, hár bir insannıń kewline jaqtı nur beretuǵın leksikalıq birliklerge bay bolıp esaplanadı.Hár qanday millettiń kelbetin kórsetip beriwshi tiykarǵı belgilerdiń biri – til ekenligi Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidentiniń “Joqarı mánáwiyat – jeńilmes kúsh” miynetinde keń mazmunda túsindirilip ótiledi.

Tilimizdiń leksikologiya tarawınıń ajralmas bir bólimi frazeologiya dep ataladı. Bul terminniń ózi tiykarınan grektiń “pharzsis” (fraza) hám “logos” (ilim) sózlerinen kelip shıqqan. Frazeologıyalıq sóz dizbekleri ata-babalarımız tárepinen qollanılǵan ayrım danalıq sózlerdi óz ishine aladı. Basqsha aytqanda frazeologizmler pikirdi ótkirlestirip beriwde, bolmasa ayrım sózlerdi jumsartıp aytıwda úlken áhmiyetke iye. Tilimizdegi frazalardı sózlerdiń qaymaǵı dep atasaq ta boladı.

Orıs lingvistleriniń biri E.M.Galkina-Fedoruk til biliminde frazeologiya haqqındaǵı mashqalalardıń jetkilikli dárejede izertlenbegenligi olardıń túrlishe qaralıp, elege shekem hátteki frazeologiyalıq birlikler, frazeologiyalıq dizbekler, bólinbeytuǵın sóz dizbekleri, turaqlı sóz dizbekleri, idiomalıq sózler, leksikalıq sóz dizbekleri, idiomalıq frazemalar túrinde túrlishe atalıp kiyatırǵanlıǵı tuwralı, kóp ǵana mashqalalardıń ele de tolıq ilimiy sheshimine iye bolmay atırǵanlıǵı, bul jaǵdaydıń frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń mazmunın hám rawajlanıw nızamlıqların anıqlawdıń ayrıqsha áhmiyetli ekenligin eskertip ótken edi [1:148]. Frazeologizmler yamasa frazeologiyalıq sóz dizbekleri til arqalı kúndelikli qatnas jaǵdayında pikirdi tolıq jetkeriwde ayrıqsha xızmet atqaradı. Usı kózqarastan olardıń ózgeshe bir leksikalıq-semantikalıq belgilerge iye bolǵan milliy tildiń ayrıqsha toparı retinde kózge túsetuǵınlıǵı belgili. Onda xalıqtıń ásirler boyı payda etken ushqır qıyallarınıń, danalıǵınıń, sóz dóretiwshiligìniń ájayıp úlgileri saqlanǵan. Frazeologiyalıq sóz dizbekleri E.Berdimuratov miynetinde komponentlerdiń semantikalıq jaqtan birigiwshiligi boyınsha tórt túrge bólip (frazeologiyalıq ótlesiw, frazeologiyalıq birlikler, frazeologiyalıq dizbekler hám frazeologiyalıq sózler) úyrenilse, J.Eshbaevtıń miynetlerinde ush toparǵa (frazeologiyalıq ótlesiw, frazeologiyalıq birlikler hám frazeologiyalıq dizbekler) ajıratılıp úyreniledi [3]. E.Berdimuratov «Naqıl-maqallardıń leksika-grammatikalıq jaqtan turaqlılıǵı hám tıyanaqlılıǵı olardıń sóz dizbekleriniń qatarınan orın alatuǵının kórsetedi. Sonday bolsa da, til biliminde olardıń turaqlı sóz izbekleriniń ishindegi ornı elege shekem tolıq anıqlanıp bolǵan joq» [2] dep atap ótiw menen birge, naqıl-maqallar menen ushırma sózlerdi frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń tórtinshi túrin quraw kerek degen pikirdi aytadı. Bunday pikirler arqalı frazeologizmlerdi tek ǵana qurılısı jaǵınan hám mazmunı jaǵınan úyrengenin kóremiz. Al, frazeologizmlerdiń sóz shaqabına qatnası haqqında maǵlıwmatlar tilimizde júdá az ushırasadı.

Frazeologizmlerdi izertlewde tiykarınan sóz shaqabına qatnasın úyrenip ketiw bul orınlı máselelerdiń biri esaplanadı. Olar tıykarınan atlıq, kelbetlik, ráwish hám feyil sózlerine jaqın bolıp keledi. Sonday-aq, ayrım tillerge názer awdarsaq tańlaq, modal, dánekerlik frazeologizmler bar degen pikirge kózimiz túsedi [4]. Bunday bolıwına biz
tómendegi eki pikirdi keltirip ótpekshimiz:

1) Hár qanday tildiń ózine tán ózgesheligi bolıp, ol ishki múmkinshiligine súyengen halda rawajlanadı.

2) Til iliminde qanshelli tereń izertlewler alıp barılsa, onda sonshelli qızıqlı materiallar payda boladı hám ol rawajlanıwdıń joqarı shıńına shıǵadı.

Búgingi kúnimizge shekem qaraqalpaq til biliminde frazeologizmlerdiń tómendegi sóz shaqaplarına qatnası úyrenildi:

- atlıq frazeologizmler